



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 24 jiyè 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSEKANS LWA ETA NEW YORK SOU LÈ PWÒP ANDEDAN NAN 10^{YÈM}
ANIVÈSÈ PASAJ LWA A**

***Rediksyon nan Kantite Moun ki Entène nan Lopital pou Atak Kè ak Kantite Elèv ki Ekspoze nan Lafimen
Dezyèm Men***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, nan 10^{yèm} anivèsè Lwa Eta New York sou Lè Pwòp Andedan (CIAA) te pibliye nouvo estatistik pou montre avantaj sou sante pou Nouyòkè yo pou rediksyon nan kantite tan yo ekspoze nan fimen dezyèm men, tankou rediksyon nan kantite moun ki entène nan lopital pou atak kè ak yon ti kantite elèv lekòl pre-segondè ak elèv lekòl segondè ki ekspoze nan lafimen sigarèt.

Lwa enpòtan sa a yo te adopte nan dat 24 jiyè 2003 te entèdi moun fimen nan prèske tout espas travay, tankou ba, restoran, bilding bowling, tavèn, ak koulwa bengo. Nan dènye dizan yo, Lwa a te pwoteje anpil milyon Nouyòkè kont ekspozisyon chak jou nan fimen dezyèm men epi kont maladi li lakòz. Kounye a, gen 25 eta ki gen lwa ki sanble ak lwa sa a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Jodi a make 10^{yèm} anivèsè yon lwa ki pwoteje sante ak lavi anpil ak yon pakèt Nouyòkè, ansanm avèk timoun nou yo, epi nou wè rezilta yo. Pwomosyon fason pou moun viv pi an sante se bagay nou tout dwe patisipe ladan, epi lwa sa a fè egzateman sa lè li asire lè a pi pwòp nan espas travay, restoran ak kominote yo ki nan Eta New York.”

Manm Komisyon Depatman Sante, Dr. Nirav R. Shah, di konsa, “New York se premye eta ki rekonèt enpòtans dwa moun pou respire lè pwòp andedan ak deyò, epi pou yo viv lavi yo pi an sante. Mwen kontan anpil pou selebre poto-mitan sa a nan pwoteje sante fanmi New York yo epi nan fè Eta New York vin youn nan kote ki pi an sante nan nasyon an pou viv ak travay.”

Yon dènye etid Depatman Sante (DOH) te fè montre depi adopsyon ak aplikasyon Lwa sou Lè Pwòp Andedan nan ane 2003, kantite moun ki te entène nan lopital pou atak kè te diminye anpil. Yo estime nan premye ane a sèlman, te gen apeprè 3.800 moun yo te entène nan lopital an mwens pou atak kè avèk yon ekonomi sou frè pou peye ki te estime a \$56 milyon dola. Ekspozisyon nan fimen dezyèm men te redui tou. Pousantaj elèv lekòl pre-segondè ak elèv lekòl segondè ki te ekspoze nan lafimen sigarèt te diminye a omwen yon tyè ant ane 2003 ak 2010.

Etid la te montre tou nan dizan apre, prèske tout ba ak restoran te konfòme avèk lwa a toupatou nan eta a. Yo te fè obsèvasyon nan yon echantiyon owaza sou 114 restoran ak 173 ba nan tout 62 konte Eta New York yo. Obsèvatè yo te chèche prezans lafimen ak endikatè asosye yo. Nan ane 2003 anvan lwa a

te vin anvigè, mwens pase 50% restoran pa t aksepte moun fimen ladan yo. Nan ane 2013, konfòmite a te 100%. Sèlman 11% ba yo pa t aksepte moun fimen anvan lwa a te anvigè nan ane 2003. Nan ane 2013, 99.4% ba ki nan echantiyon an te konfòme yo nèt pou yo pa kite moun fimen andedan yo.

Malgre gwo pwogrè nan rediksyon konsekans fimen dezyèm men, fimen rete kòz prensipal ka lanmò ki ka evite, epi li touye plis pase 25.000 Nouyòkè chak ane. Depans pou swen sante ki asosye avèk fimen rive a \$8 milyon dola chak ane nan Eta New York, ansanm avèk \$5,4 milya dola nan depans Medicaid. ([Gade Rapò: Lwa Eta New York sou Lè Pwòp Andedan: Dizan Apre epi N ap Vanse.](#))

Dènye pwogram ki konsène kontwòl tabak nan Eta New York gen ladan, men pa sèlman:

Pwogram Prevansyon 2013-17

Nan mwa avril, Eta New York te devwale nouvo plan amelyorasyon sante li nan eta a, pou sèvi kòm yon pwojè pou aksyon kominote lokal pou amelyore sante epi pou elimine diferans yo nan sante. Pwogram nan se rezilta yon sèl kolaborasyon plis pase 140 òganizasyon- lopital, depatman sante lokal, pwofesyonèl swen sante, plan sante, patwon, lekòl- ki te idantifye priyorite enpòtan nan plan aksyon eta a.

Yon zòn objektif enpòtan Pwogram Prevansyon an gen ladan rediksyon maladi ki asosye avèk itilizasyon tabak ak ekspozisyon nan fimen dezyèm men. Youn nan bi ak objektif Plan an pou ane 2017 gen ladan diminisyon popilarite fimen sigarèt pami adilt ki gen revni ki pi piti pase \$25.000 dola a 30 pousan, ant 28,5 pousan (2011) ak 20 pousan.

Agrandisman zòn deyò san fimen nan Pak ak Espas Istorik Eta New York

Nan mwa me, Gouvènè Andrew W. Cuomo te anonse agrandisman zòn san fimen deyò andedan pak ak espas istorik yo. Pak Eta yo te ogmante sou zòn san fimen li yo nan lakou lwazi yo ak nan pisin yo pou ajoute kounye a lòt zòn tankou plaj natasyon espesyal; paviyon ak abri pou piknik; sant espòtif ki devlope; chemen an planch; zòn pou chita deyò toupre machann manje ak bwason; zòn kote yo òganize pwogram edikasyon sou anviwònman; jaden piblik; zòn kote timoun oswa gwo gwoup vizitè reyini; epi distans 50 pye avèk bilding yo.

Lakou Lwazi san Fimen

Nan mwa jiyè, Gouvènè Andrew W. Cuomo te siyen yon pwojè-lwa k ap entèdi moun fimen nan lakou lwazi kote timoun ki poko gen laj 12 zan prezan ant lè solèy leve ak lè solèy kouche. Lwa ki pral anvigè nan mwa oktòb la se yon lwa ki la pou pwoteje sante timoun ki pi frajil nan efè fimen dezyèm men pase adilt yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou efò k ap fèt san rete pou redui fimen epi pou pwoteje timoun yo kont maketing tabak la, ale sou sitwèb: http://www.health.ny.gov/prevention/tobacco_control/

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418